



Dènye delè pou voye aplikasyon lekòl presegondè w la se demen 1ye desanm! Voye odisyon vityèl yo ale avan 9 desanm

Chè fanmi,

Delè pou aplike nan lekòl presegondè a se demen, **1ye desanm**.

- Si ou te deja voye aplikasyon w lan ale, se trèbyen—pa gen okenn lòt bagay ou bezwen fè kounye a.
- Si w poko aplike, men sa pou fè: Konekte nan kont [MySchools](#) ou epi chèche pwogram lekòl presegondè dapre sa w renmen, lokal, ak plis bagay toujou. Epi chwazi jiska 12 pwogram, ajoute yo nan aplikasyon w lan, epi voye l ale!
- Delè pou voye odisyon vityèl yo, si w ap aplike pou nenpòt pwogram ki mande sa, se **9 desanm**.

Èske w bezwen èd pou ranpli oswa voye aplikasyon w lan ale? Kontakte konseye pedagogik ou a oswa kontakte yon [Sant byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center\)](#) pou asistans.

Ale sou [schools.nyc.gov/Middle](#) pou jwenn plis enfòmasyon epi gade seri videyo nou yo, ki gen ladan videyo eksplikasyon sou kòman pou itilize MySchools.

N ap tann pou resevwa aplikasyon w lan!

Bòn chans,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). Si w vle retire non w sou lis mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike [la a](#).